# bàmmeel de mooy wàccuwaay bi njëkk ci wàccuwaayi allaaxira yi, bu ca muccee la ca ginnaawam mooy gën na yomb, bu ca muccul la ca ginnaawam mooy gën na tar

Jële nañu ci Haanii jaamub Usmaan yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Usmaan bu daan taxaw ci bàmmeel day jooy ba sikkinam bi tooy, ñu ne ko: dañu lay tuddal àjjana ak sawara te doo jooy, ba noppi ngay jooy ci lii? Mu ne Yonente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na: "bàmmeel de mooy wàccuwaay bi njëkk ci wàccuwaayi allaaxira yi, bu ca muccee la ca ginnaawam mooy gën na yomb, bu ca muccul la ca ginnaawam mooy gën na tar".
[Tane na] [At-tirmisiy soloo na ko, ak Ibnu Maaja]

Njiitu jullit ñi Usmaan ibn Affaan yal na ko Yàlla dollee gërëm bu daan taxaw ci ab bàmmeel day jooy ba sikkinam bi tooy ak rangooñ, ñu ne ko: Dañu lay tuddal àjjana ak sawara te doo jooy ngir namm àjjana walla ragal sawara! ba noppi ngay jooy ngir bàmmeel? Mu wax ne: Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc xamle na ne bàmmeel mooy wàccuwaay bi njëkk ci wàccuwaayi allaaxira yi, bu ca muccee set ca kon la ca ginnaawam ci ay wàccuwaay mooy gën a yomb, bu muccul ci ay mbugalam nag; la cay tege ci mbugal mooy gën na tar li mu nekk.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee